

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang

Basa nyaéta alat anu dipaké ku manusa pikeun ngedalkeun eusi haténa, diwangun ku réntétan sora anu geus ditangtukeun éntép seureuhna ku masarakat nu maké éta basa (Wirakususmah& Djajawiguna, 1969:5 dina Sudaryat, 2004:5) .

Dina prosés pangajaran, basa mangrupa pakakas pikeun ngatik sarta ngarahkeun murid. Sagala élmu pangaweruh anu ditepikeun ku guru ka murid ngagunakeun basa. Ku basa, manusa bisa ngébréhkeun sagala kahayang, ide, pikiran jeung rasa.

Basa panganteur anu digunakeun dina pangajaran basa Sunda di daérah Jonggol téh umumna maké dua basa, nu kahiji basa Indonesia nu kaduana basa Sunda. Basa Indonesia anu digunakeun biasana basa budak ayeuna anu teu kauger ku aturan-aturan atawa kaédah tata basa anu hadé, sedengkeun basa Sunda anu digunakeun biasana basa loma jeung teu lemes teuing. Salian ti éta, aya ogé anu ngagunakeun basa campuran antara basa Sunda jeung basa Indonesia anu ahirna éta basa jadi basa kamalayan.

Salian ti masalah éksternal, aya ogé masalah internal ti diri siswana sorangan. Siswa jaman kiwari leuwih reueus ngagunakeun basa deungeun tinimbang jeung basa daérahna sorangan dina ieu hal basa Sunda, maranéhna nganggap yén basa Sunda téh basa kampung anu ukur digunakeun ku panyatur ti kampung, kitu ogé dina pangajaran basa Sunda, basa Sunda geus dianggap teu penting pikeun élmu pangaweruh maranéhannana lantaran di jaman modern saperti kieu pakakas-pakakas téhnologi henteu ngagunakeun basa daérah tapi basa Inggris, nu matak unggal aya pangajaran basa Sunda barudak téh haré-haré kana éta pangajaran anu ditepikeun ku guru.

Padahal ku nagara ogé basa daérah téh ditangtayungan ku kaluarana Perda No.5 Taun 2003 ngeunaan “Pemeliharaan Bahasa, Sastra, dan Aksara Daérah”,

Sylvi Fauziah Rhohmah, 2013

**ANALISIS KASALAHAN ÉJAHAN DINA KARANGAN DÉSKRIPSI SISWA KELAS XII MAN JONGGOL
TAUN AJARAN 2012/2013**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

salian ti éta, ieu hal ditandeuškeun deui ngaliwatan seminar politik bahasa nasional, ngeunaan fungsi sarta pancén tina basa daérah anu ngawengku: 1) basa daérah mangrupa lambang kareueus daérah, 2) basa daérah mangrupa lambang idéntitas daérah, 3) mangrupa pakakas gaul di lingkungan kulawarga jeung masarakat, 4) basa panganteur di sakola dasar dina tingkat munggaran pikeun ngalancarkeun pangajaran basa Indonésia jeung pangajaran séjénna, 5) basa daérah mangrupa basa pangrojong basa nasional, jeung 6) pangrojong jeung pamekar kabudayaan nasional (Sudaryat, 2003:25).

Tina Perda No.5 Taun 2003 jeung tina hasil seminar politik nasional ogé geus kagambar yén basa daérah téh lain basa kampung tapi mangrupa lambang kareueus daérah jeung réa-réa deui.

Masalah-masalah anu geus dipedar di luhur ngabalukarkeun siswa di Jonggol, teu wanoh kana undak-usuk basa Sunda jeung kaédah éjahan basa Sunda nu hadé tur merenah, nu matak nu nulis ngarasa perlu nalungtik ieu pasualan sabab kasalahan makéna basa anu dilakukeun ku paramurid hususna kelas XII bisa ngabalukarkeun kasalahan anu hésé dioméan ngabatu (foziled). Ku kituna, saacan éta kasalahan téh diropéa, tinangtu maranéhanana kudu nyaho kana kasalahanna sorangan tur kudu bisa ngoméanana. Kitu deui ka parasiswa kelas XII MAN Jonggol anu téréh lulus, asa piraku lamun maranéhna geus lulus teu bisa maké basa Sunda nu hadé tur merenah.

Sabenerna, pedaran ngeunaan kasalahan éjahan basa Sunda geus loba nu nalungtik, panalungtikan anu geus aya di antarana: *Analisis Kasalahan Ejahan dina Karangan Deskripsi Siswa Kelas III SMU Pasundan I Bandung taun ajar 2004/2005* (Rosita: 2005), *Analisis Kasalahan Basa dina Loka Tarjamah Otomatis Basa Indonesia- Basa Sunda* (Rohani, Anita: 2008), *Analisis Kasalahan Ejahan dina Karangan Eksposisi Siswa Kelas VIII SMP N Ciwidey Kabupaten Bandung* (Pujaningrat, Resti Kirana,2009), *Analisis Kasalahan Ejahan Nulis Surat Pribadi Siswa Kelas VII SMP N 2 Situraja Kabupaten Sumedang* (Soihati, Latifah: 2010), *Analisis Kasalahan Makéna Basa Sunda dina Tarjamahan Artikel*

Sylvi Fauziah Rhohmah,2013

ANALISIS KASALAHAN ÉJAHAN DINA KARANGAN DÉSKRIPSI SISWA KELAS XII MAN JONGGOL TAUN AJARAN 2012/2013

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Indonesia-Sunda Siswa Kelas X SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung Dumasar kana Taksonomi (Revalina, juliya Sandra: 2011). Tapi, analisis kasalahan éjahan ka parasiswa anu aya di daérah Jonggol hususna parasiswa MAN Jonggol can aya nu nalungtik. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna *Analisis Kasalahan Éjahan dina Karangan Déskripsi Siswa Kelas XII MAN Jonggol Taun Ajaran 2012/2013* perlu dilaksanakeun sangkan bisa méré élmu pangaweruh tambahan pikeun parasiswa di Jonggol utamana siswa di MAN Jonggol.

1.2. Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Ieu panalungtikan téh udagannana pikeun nganalisis kasalahan éjahan siswa kelas XII MAN Jonggol. Sangkan ieu panalungtikan henteu lega teuing ambahanana, panulis ngawatesanan ieu masalah ku cara medar jenis kasalahan éjahan dina wangun karangan déskripsi anu ngawengku kasalahan makéna aksara jeung nuliskeun aksara, kasalahan nuliskeun kecap, kasalahan nuliskeun unsur serepan jeung kasalahan dina ngalarapkeun tanda baca.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah anu dipedar di luhur, anu jadi galur masalah baris dirumuskeun dina wangun pananya saperti ieu di handap.

1. Kumaha tipe kasalahan éjahan nu aya dina karangan deskripsi siswa kelas XII MAN Jonggol dina makéna aksara?
2. Kumaha tipe kasalahan éjahan nu aya dina karangan deskripsi siswa kelas XII MAN Jonggol dina nuliskeun aksara?
3. Kumaha tipe kasalahan éjahan nu aya dina karangan deskripsi siswa kelas XII MAN Jonggol dina nuliskeun kecap?
4. Kumaha tipe kasalahan éjahan nu aya dina karangan deskripsi siswa kelas XII MAN Jonggol dina nuliskeun unsur serepan?

5. Kumaha tipe kasalahan éjahan nu aya dina karangan deskripsi siswa kelas XII MAN Jonggol dina ngalarapkeun tanda baca?

1.3. Tujuan Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho kasalahan éjahan anu dilakukeun ku siswa kelas XII MAN Jonggol dina karangan deskripsi.

1.3.2. Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun kasalahan éjahan anu ngawengku kasalahan makéna aksara, kasalahan nuliskeun aksara, kasalahan nuliskeun kecap, kasalahan nuliskeun unsur serepan jeung kasalahan ngalarapkeun tanda baca.

1.4. Mangpaat Panalungtikan

1.4.1. Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta:

- a. Pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan éjahan basa sunda anu luyu jeung kaédah palanggeran éjahan.
- b. Pikeun méré élmu pangaweruh sangkan bisa maké aksara, nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, nuliskeun unsur serepan, jeung ngalarapkeun tanda baca kalawan bener.

1.4.2. Mangpaat Praktis

Salian ti mangpaat tioritis aya ogé mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Mangpaat pikeun guru

- a. Guru mikanyaho rupa-rupa kasalahan éjahan dina karangan déskripsi anu dilakukeun ku parasiswa kelas XII MAN Jonggol.
 - b. Guru miboga patokan meunteun dina karangan siswa sangkan siswa bisa nulis leuwih hadé.
- 2) Mangpaat pikeun siswa
- a. Bisa ngajembaran pangaweruh siswa dina nyieun karangan déskripsi.
 - b. Pikeun méré gambaran ka siswa ngeunaan tipe kasalahan éjahan.
 - c. Pikeun nyangking informasi naon waé anu kaasup kana kasalahan éjahan téh.
 - d. Pikeun mikanyaho kamampuh dirina dina nyieun karangan déskripsi.
 - e. Mangrupa latihan sarta motivasi keur siswa sangkan bisa leuwih hadé dina nyieun tulisan boh fiktif atawa nonfiktif.

1.5. Raraga Tulisan

Sabada data panalungtikan diolah, hasilna baris disusun kalawan puguh éntép seureuhna dina wangun skripsi.

Dina bab I, 1) kasang tukang masalah; 2) watesan jeung rumusan masalah; 3) tujuan panalungtikan, nyaéta aya tujuan umum jeung tujuan husus; 4) mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat praktis jeung mangpaat tioritis; 5) raraga tulisan.

Dina bab II, 1) téori nulis anu ngawengku wangenan nulis, watesan nulis, fungsi nulis, tujuan nulis, sipat tulisan, jeung wangun tulisan; 2) karangan déskripsi anu ngawengku ciri-ciri karangan déskripsi, rupa-rupa karangan déskripsi, léngkah-léngkah nulis karangan déskripsi, jeung faktor pangrojong nulis karangan déskripsi; 3) éjahan basa Sunda; 4) tiori analisis kasalahan anu ngawengku basa lulugu, analisis kasalahan, kasalahan basa; 5) anggapan dasar .

Dina bab III, 1) lokasi jeung subjék panalungtikan; 2) desain panalungtikan; 3) métode panalungtikan; 4) définisi operasional; 5) instrumén panalungtikan; 6) téhnik ngumpulkeun data; 7) analisis data.

Dina bab IV, 1) data kasalahan; 2) makéna aksara; 3) nuliskeun aksara; 4) nuliskeun kecap; 5) cara nulis unsur serepan; 6) tanda baca,.

Dina bab V, 1) kacindekan jeung 2) saran.

